

**Inisyativ Rezistans Kont Ekspilsyon Fòse Deplase
Entèn yo.**

DEKLARASYON FINAL

Nou menm komite kan Imakile Deplase, Kozbami, Babankou 2, kan Touden Louveti, kan Teren Toto Karade, Biwo Avoka Entenasyon (BAI), Bri Kouri, Batay Ouvriye, Inivèsite Popilè, Fòs Refleksyon ak Aksyon sou Koze Kay (FRAKKA) :

Nou remèsye tout moun, gwoup, enstitisyon, òganizasyon, komite kan, espesyalman yon chay remèsiman pou tout popilasyon k ap viv anba tant yo, pou kolaborasyon ak patisipasyon yo te pote ki pèmèt nou reyalize yon seri aktivite soti 8 pou 12 janvyè 2011 lan.

Nan okasyon komemorasyon premye anivèsè katastwof 12 janvyè a, nou menm komite kan, enstitisyon, òganizasyon ak popilasyon anba tant yo, kòm nou pap dòmi bliye, nou kontinye denonse :

- konptòman kriminel gouvènman Ayisyen an ki pa fè anyen pou amelyore move sitiyasyon viktim 12 janvyè yo, k ap viv nan kondisyon ki pa fèt pou bèt. Pandan yo jete 29 milyon dola ameriken nan yon eleksyon koken, nou te deja denonse anvan 28 novanm.
- Gagòt gouvènman Ayisyen ak ONG yo fè ak plis pase 2 milya dola ameriken yo ranmase sou do viktim 12 janvyè yo. Pandan yon lane apre yo kontinye konstwi yon bann maskarad yo rele abri pwovizwa. Yon fason pou lajan an pa fè anyen ki dirab pou peyi.
- Menas vitim 12 janvyè yo ap sibi nan kan:Mezyan, Babankou 2, Kan Touden Louveti ak benediksyon nan Karade, kanaran, Enfraz, Alyans Evanjelik (Adoken Delmas 33) elatriye.
- Represyon majistra **Yvon Jérôme** ak lapolis fè sou moun k ap viv nan yon kan Dikini 63 ki chita nan do lameri Kafou. Alòske, majistra a se prensipal otorite nan komin lan ki ta sipoze pwoteje viktim yo. Se yon konpòtman kriminel.
- La kwawouj Ayisyèn k ap fòse viktim 12 janvyè nan kan Touden Louvèti nan Karade pou kite teren Toto a. Yon fason pou yo defann enterè boujwa ak grandon kont enterè malere ki an danje.
- Pwojè jenosid Leta restavèk la, klas dominant yo, kominote entènasyon la genyen pou peyi a, espesyalman fòs okipasyon MINISTA a ki pote maladi kolera ki vin fè plis dega sou mas popilè yo
- Lapolis k ap akonpaye swadizan mèt tè yo nan represyon , menas, ekspilsyon fòse epi illegal sou moun nan kan Deplase Entèn yo.

Pou nou pa dòmi bliye, an nou kontinye mobilize pou defann dwa nou. Konsa, nou menm komite kan, enstitisyon ak òganizasyon ki fè deklarasyon sa a, nou mande pou:

- Gouvènman an aplike rekòmandasyon komisyon Entè Ameriken Dwa Moun lan (CIDH) sou ekspilsyon ilegal fòse Deplase Entèn yo
- Konstwi bon jan kay bay viktim 12 janvyè yo jan atik 22 konstitisyon an egzije sa.
- Gouvènman deklare tè Toto nan Karade a itilite piblik pou pèmèt li konstwi bon jan kay pou moun k ap viv nan kan sou teren sa a.

- Komite kan konsekan yo, kontinye defann enterè tout moun k ap viv nan kan yo.
- Tout gwoup, enstitisyon ak òganizasyon nan sektè popilè a pote kole nan batay pou fòse fòs okipasyon MINISTA a kite peyi a.
- Nasyonzini repare tout moun ki viktim anba maladi kolera MINISTA a
- Lajistis arete tout moun ki fè zak vyolan sou viktim 12 janvye k ap viv anba tan yo

Pou fini, n ap raple, lane 2011 lan se yon lane LEVE KANPE. An nou rasanble fòs, pou n kontinye mobilize pou chanje Leta pouri, Leta restavèk klas dominant yo ak enperyalis entènasyonal la, Leta pèpè sa a.

Revòlte pou defann dwa nou, se yon devwa sitwayen ak sitwayèn

Pòtoprens 12 janvye 2011

Pou Inisyativ Rezistans lan :

SANON Reyneld

BOURDEAU Reynold